

Sipòte lang ak alfabetizasyon

5 an: Poukisa alfabetizasyon enpòtan

Chak moman ou pase ak pitit ou ede yo aprann ladrès langaj ak prealfabetizasyon ki enpòtan. Bon ladrès lekti ak ekriti ap ede pitit ou viv lavi yo vle a epi reyalize rèv yo. Pa sispann kounye a! Ou toujou se yon pati ki trè enpòtan nan fason yo ap aprann li. Kontinye pale, li, chante, epi jwe avè l pou bati yon bon baz pou tout lekti li pral fè pita.

Konsèy ak Aktivite



Travay an patenarya ak pwofesè pitit ou. Gade ki jan ou ka ranfòse ladrès pitit ou ap aprann nan lekòl la.

Ede pitit ou kòmanse aprann konsèp tan an. Chante chante oswa sèvi ak mo tankou 'jodi a' ak 'demen'.



Pale sou epi nonmen santiman pitit ou yo, ansanm ak pwòp santiman pa ou. Sa ede yo ekspri tèt yo ak mo, olye yo montre konpòtman ou pa swete yo.



Kontinye sèvi ak lang ou pale lakay la, sa ou santi w pi alèz ladan l, menm si li diferan de lang yo plis pale nan lekòl la. Pou timoun ki pale plizyè lang, sa ba yo opòtinite pou pratike tout kapasite lang yo.



Etap tipik langaj

Kenbe konvèsasyon yo pandan yo fè plis pase 3 echanj ale vini.

Avèk èd, li kapab esplike kijan ilustrasyon yo sipòte istwa ki nan yon liv.

Sèvi ak fraz ki pi long, pi konplike, epi ki kòrèk nan gramè yo.

Sèvi ak mo ki montre tan yo kòrèkteman, pa egzanp 'yè' ak 'demen'.

Lè li pale, moun konprann li fasil nan konvèsasyon.

Poze kesyon sou santiman.

Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide yo sou yon chimen ki mennen nan siksè. Si ou remake pitit ou gen difikilte ak yon ladrès, li pa rive atenn plizyè etap enpòtan, oswa si ou santi gen yon bagay ki pa twò nòmal, pale ak founisè swen sante pitit ou a.



Kèk konsèy pou ede ou menm ak pitit ou reyisi lè w ap pale ak founisè swen sante li a:

Kenbe yon journal

Ekri bagay ou remake pitit ou ap fè, oswa li pa fè, ki fè ou santi ou enkyete.

Sèvi ak resous ou yo

Eksplòre sitwèb ki nan lis pi ba yo pou jwenn lis etap enpòtan yo, lis siy avètisman bonè, videyo, ak plis ankò.

Fè entwisyon ou konfyans

Se ou ki pi byen konnen pitit ou e ou se pi bon moun ki ka defann li. Pa pè pran lapawòl.

Lòt resous

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[Cox Campus](#)

[The Basics](#)

[Etap enpòtan CDC.yo](#)